# man de bokk na ci li may ragal ci yéen sama ginnaaw, ñu ubbil leen naataangey àdduna ak taaram

Jële nañu ci Abii Sahiid Al-Xudrii yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dafa toog benn bis ci minbar bi nu toog wër ko, mu wax ne: "man de bokk na ci li may ragal ci yéen sama ginnaaw, ñu ubbil leen naataangey àdduna ak taaram" jenn waay ne ko: yaw Yonnente Yàlla bi, ndax yiw wii day indi ay? Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daal di noppi, ñu ne ko: yaw luy sa mbir? Ngay wax ak Yonnente bi te moom waxul ak yaw? Nu gis ne dañuy wàcce ci moom? Nee na: muy fomp ñaq wu bari wi, daal di ne: "ana aji-laaj ji?" Mu mel ni da ko a sant, mu wax ne: "yiw wi de du indi ay waaye am na ci liy sax ci nawet bi loo xam ne day raye mbaa mu lottal, lu dul lekk-katu lu nëtëx li, dafa lekk ba bu ay wetam tàllaloo mu jàkkaarloo ak jant bi, daal di nefare daal di saw, daal di lekkaat, te alal jii gàncax la gu neex, baax na lool yëfi jullit bi la mu jox aji-aajowoo ji, ak jirim bi ak tukkikat bi, -walla kem ni ko Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc waxe-, te ku ko jël ci lu dul àqam, moo ngi mel ni kiy lekk te du suur, te dana seede ci kawam ëllëg bis-pénc ".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dafa toog benn bis ci minbar bi di wax ak Sahaabaam yi, ne leen: Li ma gën a ragal ci yéen sama ginnaaw mooy li ñu leen di ubbil ci baarkey suuf si ak naataangey àdduna ak taaram ak nëtëxam, ak li ci nekk ci xeeti jumtukaay ak i yére ak um mbay ak yeneen yu nit ñi di puukarewoo ci rafetaayam ànd ak néewub saxam. Jenn waay ne ko: naatànge àdduna xéewal la gu jóge ci Yàlla, ndax xéewal gi day dellu nekk musiba ak mbugal?! Nit ñi yedd aji-laaj ji ndax li ñu gis Yonnente bi mu noppi, ñu foog ne da ko a merloo. Mu mujj leer ne Wahyu moo doon wàcc ci moom Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc, daaldi tàmbali di fomp ñaq wi nekk ci jë bi, mu daal di ne: ana aji-laaj ji? Mu ne ko: man la. Mu sant Yàlla tagg ko, topp Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daal di wax ne: yiw dëgg du indi lu dul yiw, waaye naatànge àdduna mii nekkul aw yiw kese ndax li muy indi ci fitna ak rawante ak soxlawoo ko wolif soxlawoo gu mat ci allaaxiraa, topp mu sadd ci loolu ab misaal, daal di ne: gàncaxu lolli ak nëtëxam; xeetu luy sax la te yéem jur gi te day ray ngir lekk gu bari ci mu fër ci walla muy xaw a ray, lu dul ne li lekk gàncax gi dafa lekk ba ñaari weti biir bi fees, mu jàkkaarloo ak jant bi, mu génne nefere yi nekk ci biiram muy lu yolom mbaa mu saw, mu dindi li nekkoon ci mbàq gi, daal di koy yëy, daal di koy wanaasu, topp mu dellu daal di lekkaat. Alal jii mi ngi mel ni gàncax gu wert gu neex, di ray mbaa muy xaw a ray bu baree; lu dul mu yem ci lu tuuti lu mu aajowoo te doy ko ci yoon wu dagan kon du ko lor, aka baax ci jullit bi ciy jox way-ñàkk ji

ak jirim bi, ak tukkikat bi, ku ko jël ci àqam dees na ka ko baarkeelal, ku ko jël ci lu dul àqam day mel ni kiy lekk te du suur te dana nekk seede ci kawam ëllëg bis-pénc.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/4180